

# Pwoteje tèt ou, Florid

Ou pa oblige bay tèt ou anpil pwoblèm pou jwenn yon bon plan.

**Men kèk bagay ou  
bezwén konnen lè w  
ap chèche yon plan ki  
bon pou tèt ou e pou  
fanmi w.**



## ■ **Ou ka jwenn èd pou jwenn plan ki bon pou ou a.**

Li ka difisil pou gade tout plan Marketplace ki disponib sou healthcare.gov. Anvizaje konsilte yon ajan ki jwenn yon lisans nan men eta a. Lalwa bay moun sa yo obligasyon pou yo onèt e pou yo serye. Gen anpil nan yo ki pale panyòl ak kreyòl.

## ■ **Ou ka jwenn asirans menm si w gen yon maladi deja.**

Menm si w gen yon pwoblèm sante, ou ka toujou jwenn yon plan Marketplace. Gen yon lòt bagay ki bél tou: Sa pa p koute w plis e pa p gen okenn limit sou sèvis ki nan plan an.

## ■ **Plan asirans yo gendwa travay avèk diferan doktè, lopital ak lòt pwofesyonèl ak etablisman sante.**

Veye pou doktè oswa pwofesyonèl sante, lopital, famasi ak lòt etablisman ou itilize yo aksepte plan asirans ou ta renmen chwazi a.

## ■ **Ou ka gen posiblité jwenn èd pou peye pou plan sante w.**

Sou chak 3 kliyan nan eta Florid, genyen plis pase 1 ki te chwazi yon plan pou \$10 chak mwa oswa mwens apre sibvansyon yo an 2023.<sup>1</sup> Mete sou sa, kounye a, si w ka jwenn yon asirans sante atravè travay ou, rès fanmi w gendwa kalifye pou yon plan Marketplace grasa yon èd finansye.<sup>2</sup>

Ale sou **GetCoveredFlorida.com**  
pou jwenn plis enfòmasyon.

<sup>1</sup>Fichye itilizasyon publik nan nivo eta a pou peryòd enskripsyon ouvè a pou 2023 <https://www.cms.gov/data-research/statistics-trends-and-reports/marketplace-products/2023-marketplace-open-enrollment-period-public-use-files>.

<sup>2</sup><https://www.kff.org/health-reform/issue-brief/the-aca-family-glitch-and-affordability-of-employer-coverage>

Se Florida Blue, yon konpayi endependan ki jwenn yon lisans nan men Blue Cross and Blue Shield Association, ki bay enfòmasyon sa yo.